दिन–शुक्रवार दिनांक–15.08.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्र आई उनासीयम स्वतंत्रता दिवस मना रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दिल्ली मे ऐतिहासिक लाल किला पर राष्ट्रीय ध्वज फहराकऽ स्वतंत्रता दिवस समारोहक नेतृत्व कयलनि। एहि अवसरि पर राष्ट्र के संबोधित करैत प्रधानमंत्री ऑपरेशन सिंदूरक नायक सभ के नमन कयलनि। ओ कहलनि जे ऑपरेशन सिंदूर देशक सैन्य बलक साहस आ शौर्यक प्रतीक अछि। श्री मोदी कहलनि जे पहलगाम आतंकी हमला के लऽकऽ देशक हर नागरिक मे आक्रोश छल आ ऑपरेशन सिंदूर हुनक आक्रोशहि के अभिव्यक्ति छल। ओ कहलनि जे भारत परमाणु हमलाक धमकी आब बर्दाश्त नहिं करत। प्रधानमंत्री कहलनि जे भारत दुश्मन सभ के कड़गर जबाव देबाक लेल हथियार प्रणाली सुदर्शन चक्र मिशन शुरू करत।

प्रधानमंत्री आत्मनिर्भर भारत के विकसित भारतक आधार स्तंभ जनौलनि। ओ रक्षा प्रोद्योगिकी ऊर्जा, अंतरिक्ष आ विनिर्माण क्षेत्र सभ मे देशक प्रगतिक चर्चा कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे ओ किसान आ मछुआरा सभक हितक रक्षाक लेल मुस्तैदी सँ डटल छथि आ देश हुनक हितक संग कखनो कोनहुं समझौत नहि करत। प्रधानमंत्री एक लाख करोड़ टाकाक लागतिवला रोजगार योजनाक आरंभ करबाक घोषणा कयलनि। एकर अंतर्गत नवनियुक्त युवा सभ कँ पन्द्रह हजार टाका प्रतिमास भेटत। एहि योजना सँ देशक तीन करोड़ सँ बेसी युवा लोकनि कँ लाभ भेटत। प्रधानमंत्री आगामी दिवाली धरि नेक्स्ट जेनरेशन जीएसटी सुधार आरंभ कयल जयबाक घोषणा कयलनि। एकर उद्‌देश्य रोजमर्राक वस्तु सभ पर कर के दर कम करब अछि। श्री मोदी कहलनि जे वर्षक अंत धरि भारत सेमी कंडक्टर चिप के निर्माण करत जे भारतक प्रौद्योगिकी क्षेत्रक एक महत्त्वपूर्ण उपलब्धि होयत। स्वाधीनता दिवस समारोह राष्ट्रीय गानक संग संपन्न भेल आ राष्ट्रीय ध्वजक तीन रंगवला बैलून आकाश मे छोड़ल गेल।

---

स्वतंत्रता दिवस पर पटनाक ऐतिहासिक गांधी मैदान मे आयोजित मुख्य राजकीय समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राष्ट्रीय ध्वज फहरौलनि आ परेडक सलामी लेलनि। एहि अवसर पर प्रदेशवासी सभ के संबोधित करैत मुख्यमंत्री कहलनि जे राज्य सरकार युवा सभक लेल नौकरी आ रोजगार पर ध्यान केन्द्रित कऽ रहल अछि। अगिला पाँच वर्ष मे नौकरी आ रोजगारक एक करोड़ अवसर सृजित कयल जायत। मुख्यमंत्री बिहार लोक सेवा आयोग आ आन संस्था सभक द्वारा आयोजित प्रतियोगी परीक्षा सभक प्रारंभिक चरणक फीस कम कऽ मात्र सय टाका करबाक घोषणा कयलनि। संगहि ओ जनौलनि जे आब मुख्य प्रतियोगी परीक्षाक लेल कोनो प्रकारक शुल्क नहि देबाक होयत। श्री कुमार, किशनगंज, कटिहार, रोहतास, शिवहर, लखीसराय आ अरवल जिला मे नव मेडिकल कॉलेज अस्पतालक स्थापनाक सेहो घोषणा कयलनि।

———————————————————————————

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां राज्यभवन मे झंडोत्तोलन कयलनि। विधानसभा परिसर मे अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, विधान परिषद मे सभापति अवधेश नारायण सिंह आ पटना उच्च न्यायालय मे मुख्य न्यायाधीश विपुल मनुभाई पंचोली ध्वजारोहण कयलनि। आकाशवाणी पटना मे सहायक निदेश अभियांत्रिकी उदय शंकर झंडोत्तोलन कयलनि। भाजपा, जदयू, राजद, कांग्रेस आ वामपंथी दल सहित विभिन्न राजनीतिक दल आ संस्था सभक कार्यालय मे एहि अवसर पर ध्वजारोहण कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। जिला मुख्यालय सभ मे आयोजित समारोह मे प्रभारी मंत्री सभ झंडोत्तोलण कयलनि।

———————————————————————————

जम्मू–कश्मीरक उरी सेक्टर मे शहीद भेल सेनाक हवलदार अंकित कुमार कैँ आइ अंतिम संस्कार हुनक पैतृक गाम भागलपुर जिलाक चापर मे कयल गेल। बाढ़ि प्रभावित इलाका होयबाक बादो हुनक अंतिम यात्रा मे हजारोंक संख्या मे लोक सभ सम्मिलित भेलाह। पूर्व केन्द्रीय मंत्री अश्विनी चौबे सेहो अंतिम संस्कार मे सम्मिलित भेलाह।

———————————————————————————

पश्चिम बंगालक पूर्वी वर्द्धमान मे नाला फेरी घाट लऽग सड़क दुर्घटना मे एगारह लोकनिक मृत्यु भऽ गेल आ चौंतीस आन घायल भऽ गेलाह। सभ मृतक आ घायल पूर्वी चंपारण जिलाक चिरैया थाना क्षेत्रक सरसावा, ललबेगिया आ चिरैया गामक रहवला छलाह। ई सभ गंगासागर तीर्थ सँ घूरि रहल छलाह। नाला फेरी घाट लऽग बस सड़कक कात ठाढ़ एक ट्रैक्टर ट्रॉली सँ जा टकरायल जाहि कारणे ई दुर्घटना भेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि दुर्घटना पर अत्यंत दुःख जतबैत सभ मृतकक निकटतम आश्रित सभ के दू–दू लाख टाका आ घायल सभ के पचास–पचास हजार टाका अनुग्रह राशि जारी करबाक निर्देश देलनि अछि।

---

समाप्त भेल।